

Dézè
April 2009

1804, jou k jounen jodi 2009
N'ap mache, mache san sòti
Nan désè a.
Blokis devan, blokis dèyè.
Barikad adwat, barikad agòch
Aye Ayiti bloke ak dirijan tololo.

Lespwa fè viv.
Lespwa san aksyon simaye lanmò ak dlo nan je.
Kanna vole ro

Plonje nan basen gran mouche
Voye dlo, rouze jaden demokrasye.
You ti demach, you gwo aksyon.
Atansyon, li pat mande pèmisyon
Konsa pou te ka jwen solisyon.
Pirèd, pirèd, pirèd, dèzè pirèd.

Gran mèsè chen, se kout baton.
Baton nan lespri ou
Baton nan vant ou.
Baton nan bouda ou.
Baton ki pa rete ak baton.
Zen, zen, bon jan zen
Miltiplikasyon dézè yo :
Politik diabolic, gason konsekan disparèt.
Ekonomi emorajik;
Maladi kontaje ti pèp la.
Labo-kidnaping is open.

Lagrikilti dekonstonbre
Grangou nan vant sinonime acid batni.
Fok sa chanje:Tèt ansanm, men kontre
Souri ban mwen
Ma souri ba ou ak tout kè mwen
Gade m nan je ak lanmou
Ma gade ou nan je ak lanmou, Lavi va bèl .
You sel peyi, you sel drapo, you sel pèp
Viv Ayiti chéri !

Mario Burocher